

Bidjè Ekilibre

Yon Rapò sou Distri Lekòl East Ramapo Central

SEKSYON	PAJ
Responsablite Manm Komisyon pou Kontwolè yo	3
Plan Amelyorasyon Fiskal	3
Chapit 89 Lwa 2016 yo	8
Rekonesans Kondisyon Fiskal Amelyore	9
Amelyorasyon Enstalasyon Lekòl yo	10
Bidjè Lekòl yo Adopte pou Ane Akademik 2017-18	11
Rekòmandasyon yo	12

Responsablite Manm Komisyon pou Kontwolè yo

Nan dat 16 out 2016, Manm Komisyon Depatman Edikasyon Eta a MaryEllen Elia te lonmen Charles Szuberla epi li te lonmen Dr. John Sipple ankò kòm kontwolè (“Kontwolè”) pou Distri Lekòl East Ramapo Central (Distri). Pwogram kontwòl ane akademik 2016-17 la te baze sou travay kontwolè leta yo depi mwa jwen 2014 epi li te gen ladan travay avèk Konsèy Edikasyon an (Konsèy la) ak dirijan Distri a pou egzekite Plan Amelyorasyon Akademik ak Estratejik ak amelyorasyon Fiskal; amelyore planifikasyon fiskal ak bidjetè; epi bay sipèvizyon jan obligatwa nan Chapit 89 Lwa 2016 yo.¹ Answit, Kontwolè yo te sipèvize fason Distri a te pase san pwoblèm yon pwopozisyon obligasyon \$58 milyon pou finansè reparasyon imobilye ak pwojè ki te nesèsè anpil yo. Rapò sa a konsantre sou dènnye kondisyon fiskal Distri a.

Plan Amelyorasyon Fiskal

Misyon Distri Lekòl East Ramapo Central deklare:

“Kòm yon kominote ki ini, Distri Lekòl East Ramapo Central angaje pou edike timoun nan okonplè. Pou fè sa, nou bay yon anviwònman ki bon pou sante timoun nan, ki san danje, ki bay sipò, ki enteresan ak ankourajan.”

Nan dat 26 septanm 2016, Manm Komisyon Elia te apwouve plan amelyorasyon Akademik ak Estratejik pou anpil tan ak amelyorasyon fiskal, ki te gen ladan yon plan depans detaye (“plan amelyorasyon”). Apre sa, Distri a te egzekite plan amelyorasyon pou kontwòle resous yo yon fason ki pi efikas. Yo te kreye plan amelyorasyon aan vèk twa objektif nan lide yo:

- 1) Edike timoun nan nèt.
- 2) Amelyore epi antreteni anviwònman fizik lekòl yo ak espas yo.
- 3) Aplike yon sistèm ki solid pou jesyon resous yo.

1)R2(e 6/(M1 0(l)6(d pou)1013.9(\$6a n1.i(on8%)r)7(ao(e t))9.9(l)16(13.9()4 K)13r)7(aouTJ)6(n)30es

Nou ta dwe remake lwa Eta New York pèmèt Distri lekòl yo konsève jiska 4% bidjè ane apre san kantite lajan yo afekte pou bidjè ane apre a, kòm balans ki pa afekte nan Fon Jeneral la. Pou East Ramapo, kantite lajan ki admisib la se \$8.97 milyon. Distri a ap antre nan ane akademik 2017-18 avèk yon balans 3.6% fon yo pa afekte ki pi favorab nan bidjè ane akademik 2017-18 la.

Baz Enpozab S\$8.7 bilyon Distri a te estabilize pa twò lontan epi nou prevwa l ap rete estab sou anpil ane k ap vini. Baz Enpozab Distri a konpoze sitou avèk Vilaj Ramapo(85% baz Enpozab la) ak kèk pi piti pòsyon nan Vilaj Clarkstown ak Vilaj Clarkstown ki nan Konte Rock land Estimasyon okonplè Distri a te desann nan yon to anyèl konpoze 0.6% nan ane fiskal 2016 la, ki se yon amelyorasyon enpòtan sou 3.6% bèss mwayen sou senkan nan ane fiskal 2015. Valè total Distri te ogmante a 8% nan ane akademik 2017-18, akòz sitou yon bèss nan gwo kontestasyon pou tak yo, re-apresyasyon mache lojman an ki asosye avèk kwasans rezidansyèl ak komèsyal.

Enskripsyon nan lekòl leta yo se 8, 547 elèv pou moman an epi Distri a prevwa kwasans timid nan enskripsyon an ap kontinye Distri a gen yon popilasyon enpòtan nan leko prive ki se 24,700 elèv, ki pwojte pou kontinye ogmante ant 4% ak 5% chak ane. Kòm edikasyon espesyal, depans pou ansèyman ak sèvis transpò a kontinye ogmante, akòz tandans ogmantasyon enskripsyon elèv yo, operasyon finansye yo ap rete anba kontrent.

Nan ane akademik 2015-16 ak 2016-17, Distri a te retounen avèk anpil pwogram ak sèvis li te elimine anvan. Nan ane akademik 2016-17, depans yo te ogmante a \$217, paske Distri a te kòmanse retounen avèk pwogram lekòl, tankou pwogram mizik, pwogram boza ak pwogram espòtif ak lekòl matènèl apentan. Distri a te rebay yon total nè 105 pozisyon pwofesè apentan depi ane 2013.

Pwogram jesyon Distri a, tankou klasman kòrèk elèv yo ak aplikasyon repons nan pwogram entèvansyon yo te redui popilasyon edikasyon espesyal Distri ki te plis pase 2,100 elèv nan ane 2015 epi ki pase a 1,900 nan ane akademik 2016-17 kote direksyon an espere l ap estabilize. Kòm yon rezilta, Distri a espere depans pou edikasyon espesyal ap estabilize nan yon tan kout Depans pou edikasyon espesyal te rive nan apeprè \$63 milyon nan ane akademik 2016-17, sa ki reprezante 29% depans total yo ak yon bèss 31% parapò avèk ane akademik 2015-16. Distri a te apèn redui depans total operasyon li yo pou edikasyon espesyal apre li te resevwa \$4.8 milyon nan fon sibvansyon federal pou ane akademik 2016-17.

Depans pou sèvis transpò kontinye ap ogmante akòz yon ogmantasyon nan popilasyon elèv ki nan lekòl ki pa leta ak sa ki nan lekòl leta. Nan ane akademik 2016-17, depans pou sèvis transpò a te ogmante a \$31.1 milyon, oswa 14.4% depans operasyon yo, parapò avèk \$28.7 milyon oswa 13.5% nan ane akademik 2015-16. Distri a prevwa yon ogmantasyon 5% nan depans pou kontra sèvis transpò chak ane. Distri a kontinye ap pran pifò sèvis transpò a deyò pou elèv yo, ki koute mwen chè pase lè li posede otobis

Distri a te pibliye nòt previzyon taks depi ane fiskal 2013, avèk kantite lajan ki kòmanse nan \$15 milyon pou rive nan \$17, ki baze sou kalandriye ranbousman sibvansyon federal la. Distri a te pibliye nòt previzyon taks pandan ane akademik 2016-17. Distri a prevwa l ap kontinye pratik la nan yon tan kout oswa mwayen. Anpil egzanp ka nòt pou prete lajan ekzpose Distri a nan risk aksè nan mache a ak fliktyasyon to enterè a.²

Distri a patisipe nan Sistèm Retrèt Pwofesè (Teachers Retirement System, TRS) Eta New York ak nan sistèm Retrèt Anplwaye (Employees Retirement System, ERS), Eta New York Ak Anplwaye Lokal, de plan retrèt defini ki gen anpil patwon epi ki jwenn sipò Eta New York. Pou ane akademik 2016-17, kotizasyon patwon yo nan plan yo te totalize \$14 milyon, Oswa 6.5% depans ki te fèt nan fon jeneral la. Distri a bay lòt avantaj apre travay (postemployment benefits, OPEB) pou anplwaye retirete yo, yon depans ki p ap ogmante vit akòz finansman OPEB sou yon baz Dekèsman. Nan ane akademik 2016-17, Distri a te kontribiye a \$10 milyon nan depans OPEB, OSWA 4.6% DEPANS OPERASYON YO.

Pou ane akademik 2017-18, bidjè elektè yo apwouve a gen ladan yon ogmantasyon 3% parapò avèk ane akademik 2016-17 epi li pa gen kredi balans fon ladan. Taks pwopriyete yo pral bay 67% revni Distri a nan ane akademik 2017-18 alòske èd leta kontinye ap ogmante, epi li reprezante 30% revni yo parapò ak 23.7% nan ane akademik 2010-11. Balans revni yo fòme sitou avèk èd federal. Elektè yo te retisan pou pase bidjè ki depase plafon taks Eta a. Elektè yo te rejte bidjè ki te gen ladan ogmantasyon taks ki depase plafon an nan chak dènye dezan yo.

Pwogram ki Amelyore nan Ane Akademik 2016- 17

Bidjè elektè yo te apwouve nan ane akademik 2016-17 te baze sou pwogrè ki te fèt nan ane akademik 2015-16. bidjè elektè yo te vote pou ane akademik 2016-17 te gen ladan sa ki endike anba la:

- Kat klas lekòl matènèl siplemantè atanplen;
- Mizik enstriman oswa Fanfa oswa Koral pou Elèv Klas 6yèm Ane;
- Boza Grafik pou Elèv Klas 5yèm Ane;
- Ogmantasyon Pwogram Avansman nan Mizik/Boza yo Ofri Apre-Lekòl
- Devlopman Pwofesyonèl Avanse pou anplwaye yo;
- Yon nouvo Akademi Klas Nevyèm Ane;
- Gid pou elèv Lekòl Segondè Dezyèm Sik;
- Yon pwogram Syans Teknoloji, Jeni, Boza ak Matematik ("STEAM" Science, Technology, Engineering, the Arts, and Math) nan Kakiat School k ap kòmanse avèk klas setyèm ane;
- Konpetans avèk pwogram Jeni nan Kakiat School; epi
- Yon pozisyon atanplen pou fasilite yon pwogram prezans solid.

² Moody's Investor Services, Inc., Jiyè 2017

aplikasyon pou “ revizyon administratif yon reklamasyon pou peman” avèk Depatman Edikasyon. Kantite lajan ki konsène a se \$183,645 pou ane fiskal 2013-14 ak 2014-15.

- Nan mwa avril 2016, New York State Insurance Reciprocal (NYSIR) te deside rezilye kontra pou kouvèti asirans lan. Desizyon an te gen konsekans negatif sou Distri a paske li t ap chèche nouvo kouvèti asirans nan yon peryòd tan ki kout anpil. Pa t gen yon sèl konpayi asirans ki te ofri pou angaje pou asire Distri a. Depans Distri a pou asirans te ogmante a plis pase \$900,000 sou yon baz anyèl apati 1ye jiyè 2016. Distri a te aplike pou vin asire tèt li pou reklamasyon ki pi piti pase \$100,00 k ap redui peman pa mwa yo.
- Nan ane 2011, Distri a te fè yon kontra pou pèfòmans enèji avèk Johnson Controls, Inc. pou enstale anpil kontwòl ak aparèy ki efikas nan enèji toupatou nan bilding Distri. Sanble yo pa t janm siyen yon kontra epi toulède moun ki konsène yo pat apwouve kontra a. Distri a pa t kapab jwenn finansman pou pwojè a epitou li pa t konnen si travay la te kòmanse. Johnson Controls te deklare yo te prèske fini pou \$1.9 milyon travay. Distri a te kwè li pa ta dwe gen obligasyon pou peye Johnson Co

- Konfòmite avèk lwa ak règleman leta ak federal ki anvigè.

Plan amelyorasyon fiskal la te konfòme resous fiskal yo avèk plan Akademik ak Estratejik , li te note risk ak responsablite yo. Li te idantifye opòtinite pou amelyore kontwòl entèn epi tou li te egzamine dirabilite fiskal pou anpil tan.

Manm Komisyon Edikasyon an te apwouve plan Distri a nan dat 26 septanm 2016. lekòl matènèl atanplen pou tout elèv ak pwogram boza yo te kòmanse nan dat 6 oktòb 2016. Distri a te prezante yon rapò depans nan mwa jwen 2017 epi li te resevwa fon li anvan ane fiskal la te fini. Bidjè Leta yo adopte pou ane akademik 2017-18 la ap kontinye \$3 nan finansman Eta a (seksyon 48 Pati YYY Chapit 59 Lwa 2017 yo).

Rekonesans Kondisyon Fiskal Amelyore

De gwoup, Kontwòlè Finansye Eta a ak Moody's Investor Services, Inc., te rekonèt amelyorasyon kondisyon fiskal Distri a. Kontwòlè Finansye a klase ak gwoupe distri yo nan youn nan kat kategori risk fiskal yo: Estrès Fiskal Enpòtan, Estrès Fiskal Modere, Estrès Fiskal Siseptib epi San Deziyasyon Kontwòlè Finansye a te fè mizajou nan klasman East Ramapo ki te nan nivo estrès enpòtan nan dezan anvan yo pou mete li nan nivo estrès modere nan mwa janvyè 2017.

Rezon prensipal pou mizajou klasman Distri a gen ladan retou avèk balans fon an ak anpil ane bidjè ekilibre. Ou ka jwenn Rapò Kontwòlè Finansye a sou kondisyon fiskal East Ramapo sou [sitwèb Kontwòlè Finansye a](#).

Moody's Investor Service te fè mizajou nan pwendvi a pou Distri a ant negatif ak estab pou obligasyon negosyab jeneral yo nan mwa jiyè 2017. klasman obligasyon Baa2 Distri a rete epi montre yon feblès pèsistan nan pozisyon finansye Distri a, malgre dènye bidjè ekilibre yo. Akòz likidite ki limite Distri a te konsistan nan pibliye nòt likidite pou finansye operasyon yo jouk lè li resevwa sibvansyon leta yo. Klasman an konsidere baz taks enpòtan Distri a, nivo mwayen richès mwayen li, ak fado dèt minimòm li avèk amòtisman rapid prensipal la.³ Pwendvi estab Moody stable outlook montre egzijans ki endike yo te operasyon finansye ekilibre yo te reyalize sou anpil dènye ane yo se reyalizasyon ki dirab.⁴ Moody's espere pozisyon dèt Distri a pral rete fasil pou kontwòle paske gen yon fèb fado dèt total dirèk ki reprezante mwens pase 0.4% valè total la, tankou nòt previzyon obligasyon yo ki dwe refinance pandan anpil tan sou anpil ane k ap vini yo, epi li te espere amòtisman 100% prensipal la, ki pa gen BANs ki pral refinance nan 10 zan.⁵ Moody prevwa tou fado dèt la pral rete fail pou kontwòle a 2.9% valè total lè yo entwodui obligasyon ki double yo.⁶

Fiti revizyon pidevan Moody's yo pral konsantre sou mwayen Distri a pou devlope ak antreteni rezèv konvnan lè li amelyore finansman pwogram diskresyonè yo epi prete lajan ou peye pou antretyen enstalasyon yo ki te ranvwaye sou anpil dènye ane yo. Moody's te rapòte tou:

Ranfòsman kredi Distri a gen ladan: o Tc 0 TwBct TT48 Tf12 336.48 21723220

Pwogram pou pou bay Jarèt pou Ansèyman nan Lekòl Pre-Segondè:

- Ogmante ansèyman “Boza”
- Bay plis ansèyman ENL(3 pwofesè)
- Bay Nouvo Fasilitatè pou Nòm Akademik yo
- Ajoute Klas 8yèm Ane nan pwogram STEAM nan Kakiat
- Ekilibre enskripsyon elèv yo nan lekòl

